



Pou Piblikasyon Imedya: 31/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANSANM AK LIDÈ LEJISLATIF YO ANONSE AKÒ SOU BIDJÈ ANE FISKAL 2020 AN

Akò Istorik Lan Ap Fè Limit Enpo Lokatif 2 pousan An Vin Pèmanan, Li Gen Ladan Refòm Jistis Kriminèl, ak Plan Refòm MTA yo Ki Gen Ladan Gichè Peyaj nan Distri Biznis Santral la

Li Ap ogmante Asistans pou Edikasyon yo De Plis Pase 1 Milya Dola, sa Ki ap Pote Kantite Finansman Total pou Edikasyon an rive 27.9 Milya Dola, epi Entwodwi Nouvo Fòmil Ekite nan Edikasyon an pou Asire Finansman pou Lekòl Ki Pi Pòv yo

Akò pou Adopte Sistèm Finans Kanpay Piblik lan

Depans Leta yo Rete a 2 pousan pou Nevyèm Ane Konsekitif

Gouvènè Andrew M. Cuomo, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins ak Oratè Asanble a Carl Heastie te anonse jodi a yon akò sou Bidjè pou Ane Fiskal 2020 an. Bidjè a kenbe kwasans depans yo a 2 pousan pou nevyèm ane konsekitif epi li ap redwi enpo yo pou klas mwayèn nan.

Bidjè a gen ladan divès politik revolisyonè ki pral pote transfòmasyon monimantal ak refòm jistis sosyal nan eta a ak adopsyon limit enpo lokatif 2 pousan ki pèmanan an ki te deja pèmèt moun New York yo ekonomize 25 milya dola depi lè ke yo te mete li sou pye an 2012; yon plan refòm MTA ki estratejik ak seri revni ki estab pou finanse pwochen plan kapital la atravè Gichè Peyaj nan Distri Biznis Santral la; yon 1 milya dola adisyonèl pou sipòte edikasyon, sa ki ap pote kantite finansman total pou edikasyon an rive 27.9 milya dola; ak refòm jistis kriminèl revolisyonè, ansanm ak refòm sistèm kosyon nan prizon an, jijman ki akselere, ak pwosesis dekouvèt pou yon New York ki pi jis epi pi ekitab pou tout moun.

Depans yo

Akò bidjè a gen ladan depans nan kategori sa yo:

- Fon Fonksyonman Leta Total yo: 102.1 milya dola; kwasans 2 pousan
- Tout depans Fon yo rive 175.5 milya dola pou ane fiskal 2020 la
- Asistans pou Lekòl yo: 27.9 milya dola; kwasans 3.8 pousan
- Depans pou Medicaid/Sante Eta a: 19.6 milya dola; kwasans 3.6 pousan

"Depi nan kòmansman, mwen te di nou pa pral gen yon bidjè ki pa rive abòde twa pwoblèm majè ki te evade eta sa depi plizyè deseni - limit enpo lokatif pèmanan an,

refòm jistis kriminèl lan ak yon remanman MTA ki gen ladan Gichè Peyaj nan Distri Biznis Santral la", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Mwen te di tou ke nou dwe byen fè bidjè sa a - sa ki vle di ke li dwe responsab sou plan fiskal epi pwoteje New York kont atak ekonomik gouvènman federal la kontinye fè yo sou eta nou an. Mwen fyè pou mwen anonse ke ansanm, nou rive fè li. Akò sa a akonpli objektif nou genyen yo epi li ap adopte politik transfòmatif ki nan Kalandriye Jistis 100 jou nou an, pandan ke li ap kenbe depans yo a 2 pousan pou 9èm ane konsekitif. Mwen remèsye Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins ak Oratè Asanble a Carl Heastie poutèt patenarya yo, epi mwen espere akonpli sesyon lejislatif ki pi pwodiktif nan istwa."

"Majorite Sena a angaje nan adopte yon Bidjè Eta ki responsab, efikas, epi atan, epi se sa ke nou te akonpli. Mwen remèsye patnè mwen ki nan lidèchip lejislatif lan, Oratè Heastie, ansanm ak Gouvènè Cuomo, ansanm ak tout kòlèg mwen yo ki nan Majorite Sena a poutèt travay di yo ak devouman yo pandan pwosesis bidjè a", **Lidè Minorite Sena a Andrea Stewart-Cousins te deklare**, "Bidjè Eta 2019-2020 an pral bay yon ogmantasyon plis pase 1 milya dola nan asistans pou edikasyon nan eta a, ak yon fokus sou distri eskolè ki an difikilte yo. Bidjè a pral bay tou fon AIM ki esansyèl yo pou gouvènman lokal yo, yon limit sou enpo lokatif ki pèmanan, ak soulajman fiskal pou moun New York Klas Mwayèn yo. An plis, nou te pran mezi istorik pou kapab mete sou pye yon sistèm finansman piblik, fè refòm sistèm jistis kriminèl nou an, epi entèdi sachè plastik pou yon sèl itilizasyon yo. Premye bidjè nou antan ke Majorite Sena a pral ede New York pwogrese epi konstwi yon eta ki pi djanm, pi ekitab, pi pwospè, epi pi pwòp pou jenerasyon ki gen pou vini yo."

Pòtpawòl Asanble a, Carl Heastie te deklare, "Malgre defi finansye ke nou ap fè fas a yo, Majorite nan Asanble a te batay pou defann nesosite popilasyon ki pi vilnerab pami nou yo nan bidjè eta ane sa a. Nou pa te pèdi fokus sou angajman nou pran te anvè etidyan yo oswa angajman nou pou nou kreye mwayen ki pi abòdab pou edikasyon siperyè yo. Bidjè a ap akonpli pwomès nou te fè pou nou devlope finansman dirab pou MTA a epi abòde nesosite transpò krisyal yo ki genyen toupatou nan Eta a. Yon fason enpòtan, nou te kapab garanti refòm jistis kriminèl yo ki pral fè yon diferans nan lavi moun New York yo. Depi lè ke mwen te vin Oratè an 2015, se te misyon pèsonèl mwen pou mwen korije nivo panchan nan jistis pou moun New York yo, epi akò sou bidjè ane sa a ap fè yon gwo pa nan akonpli objektif sa yo: nan fè refòm sistèm kosyon nou an, asire dwa a yon jijman akselere, epi nan fè chanjman krisyal nan pwosesis dekouvèt New York yo. Mwen vle remèsye kòlèg mwen yo ki nan Majorite Asanble a poutèt angajman yo pran pou bay moun New York yo yon plan depans ki mete fanmi yo an premye, ansanm ak nouvo patnè nou yo ki nan Majorite Demokratik Sena a poutèt yo ede elabore yon plan depans ki responsab pou ede fè Eta nou an pwogrese".

Pwen Enpòtan nan Bidjè a Gen Pami yo:

Limit Enpo Lokatif 2 pousan Ki Pèmanan: Ak adopsyon pwojè lwa istorik sa a, enklizyon limit sou enpo lokatif 2 pousan ki pèmanan an nan Bidjè pou Ane Fiskal 2020 an pral ajoute sou 25 milya dola anviwon nan lajan ekonomi kontribiyab yo depi lè Gouvènè a te mete limit lan sou pye an 2012.

Refòm Jistis Kriminèl: New York ap kontinye ak angajman li te pran pou gen yon sistèm jistis krimèl ki pi ekitab ak enklizyon refòm nou pral site la yo nan Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an:

- **Fè Refòm Kosyon ak Refòm Detansyon Prevantif:** Nan kad yon plan revolisyone pou modènize sistèm kosyon New York lan, yo pral elimine kosyon ak lajan kach yo pou deli minè yo ak enfraksyon ki pa vyolan yo, ansanm ak yon nouvell obligasyon pou ke ofisye lapolis yo bay tikè konparisyon nan biwo yo bay laplipa moun ke yo akize pou deli minè ak enfraksyon Klas E yo, olye de fè yon arestasyon prevantif. Ansanm, refòm sa yo pral asire ke anviwon 90 pousan moun ke yo akize yo, men ke yo poko kondane yo pou yon krim, pa rete chita nan prizon ap rete tann jijman sèlman akoz ke yo pa gen mwayen ekonomik pou peye kosyon yo.
- **Transfòmasyon Pwosesis Dekouvèt lan** Nan objektif pou ka remanye pwosesis dekouvèt antikite New York lan ki pèmèt pwokirè yo kapab retire evidans bazik yo jiska jou lè jijman an kòmanse a, pwojè lwa a ki enkli nan Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an pral mande pou toulède pwokirè yo ak moun yo akize yo pataje tout enfòmasyon ki an posesyon yo byen alavans jijman an. Yo pral pèmèt moun ki akize yo tou gen opòtinite pou revize kèlkeswa evidans ki an posesyon pwosè a anvan yo plede koupab pou yon krim. An plis, pwojè lwa a pral asire ke viktim yo ak temwen yo pwoteje kont entimidasyon ansanm ak lòt fòm kontrent yo nan bay pwokirè yo kapasite pou fè petisyon devan yon tribinal pou jwenn òdonans pwotektis, pwoteje enfòmasyon sou idantifikasyon yo lè sa nesèsè pou asire sekirite temwen yo ak sentete pwosè jidisyè a.
- **Asire Dwa a yon Jijman Akselere:** Anba lwa Eta New York lan, yo egzije yo rezoud deli minè yo nan yon delè 90 jou ak enfraksyon yo nan yon delè 180 jou, sepandan, longè an mwayèn pou detansyon prevantif yo menm pi long. Pou ka abòde enjistis sa a, Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an gen ladan pwojè lwa ki mande tribinal yo jwe yon wòl pwoyaktif nan konseye moun ki nan litij yo sou jan yo pral faktire tan yo. Lè li apwopriye, tribinal yo pral evalye preparasyon gouvènman an pou fè pwosè jijman yo epi mande gouvènman an ranpli tout dokiman ki apwopriye yo anvan yo aksepte yon deklarasyon pou preparasyon, sa ki ap asire ke gouvènman an pa kapab fè pwosè jijman jiskaske yo te bay moun ki akize a tout enfòmasyon ki genyen sou dosye kont li an.

Refòm ak Finansman pou MTA: Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an gen ladan refòm MTA yo ak nouvo seri finansman ki dedike yo bay MTA a.

Refòm MTA yo

Li egzije pou MTA devlope yon plan reyòganizasyon anvan mwa Jen, li modifye nominasyon nan Komite MTA a pou aliye ak otorite yo ap nonmen yo, li egzije MTA a lanse yon odit jidisyè endepandan ak revizyon sou efikasite, li mande pou yo gen yon inite revizyon konstwisyon majè ki konpoze pa ekspè ekstèn yo pou revize pwojè majè yo, li ap mete sou pye yon evalyasyon bezwen kapital sou 20 an kòmanse an 2023, li ap ogmante limit apwovizyonman konpetitif lan soti 100,000 dola rive 1 milyon dola, li ap etabli yon avi revizyon 30 jou pou apwobasyon kontra kontwolè yo, epi li egzije rapò piblik sou metrik pèfòmans MTA yo. Pwojè a pral egzije pou nenpòt manm nan Komite Revizyon Pwogram Kapital la (Capital Program Review Board) ki pa apwouve plan kapital MTA a voye yon lèt esplikasyon alekri pou vòt kont yo an, epi bay MTA opòtinite pou li reponn epi revize plan an pou ke manm lan ka retire vòt kont lan. Bidjè a pral pèmèt MTA tou retire nenpòt antrepriz ki depase 10 pousan montan depans oswa tan

pou kontra a nan yon pwojè konstwiksyon kapital. Bidjè yo Adopte a mande pou nenpòt pwojè kapital MTA ki koute plis pase 25 milyon dola yo itilize modèl konsèp-konstwiksyon an, ki ap ekonomize tan ak lajan MTA.

Finansman pou MTA

- **Gichè Peyaj nan Distri Biznis Santral:** Finansman MTA a gen ladan yon pwogram Gichè Peyaj nan Distri Biznis Santral (Central Business District Tolling Program), ki se premye pwogram nan modèl li a nan nasyon an. Sa pral gen ladan enstalasyon materyèl gichè peyaj elektwonik yo sou perimèt Distri Biznis Santral la, ki defini kòm lari nan sid 60th Street ki nan Manhattan. Pwogram lan pral etabli, jere, epi menti pa TBTA, ki ap travay de prè ak Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Vil New York lan pou enstalasyon yo. TBTA pral etabli yon Komite Revizyon Mobilite Sikilasyon (Traffic Mobility Review Board) ki gen sis manm pou bay konsèy sou frè peyaj yo, egzansyon, ak kredi yo ke TBTA pral finalman detèmine baze sou rekòmandasyon Komite a. Frè peyaj yo pral varyab epi yo pral faktire veyikil pasaje yo yon fwa pa jou. Jou aplikasyon an pa pral anvan dat 31 Desanm 2020. Pwogram gichè peyaj lan pral byen itilize 15 milya dola, ke yo pral dedike a nesese kapital MTA yo.
- Bidjè yo Adopte a ap kreye yon bwat trezò ki dedike pou asire ke 100 pousan revni sa a ale nan bidjè kapital MTA a, epi li entèdi itilizasyon revni sa yo pou depans ki pa kapital yo.
- **Enpo pou Mansyon ki Pwogresif:** Pou ka rasanble resous pou MTA a, Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an ap mete sou pye yon enpo pou mansyon ki pwogresif ak yon pi gwo nivo 4.15 pousan ki konbine sou lavant pwopriyete ke yo evalye a 25 milyon dola oswa pi plis yo. Estrikti sa a ap bay resous pou administrasyon enpo ki efikas sou pwopriyete modèn yo, ki ap konble 365 milyon dola ke yo pral depoze nan bwat trezò kapital Gichè Peyaj nan Distri Biznis Santral MTA a epi yo pral itilize yo pou sipòte jiska 5 milya dola nan finansman pou pwojè MTA yo. Nouvo pri yo ap antre an vigè nan dat 1ye Jiyè 2019.
- **Enpo sou Lavant Entènèt yo:** Bidjè yo Adopte a pral bay yon rezo ki konsistan pou fè kòlèk enpo lavant ki nesese yo pou founisè ki sou espas mache entènèt yo, ke yo prevwa pral jenere chak ane 160 milyon dola nan nouvo revni pou gouvènman lokal yo ak 320 milyon dola pou bwat trezò plan kapital MTA a, ki ap sipòte jiska 5 milya dola. Lòt chanjman nan enpo pou lavant yo pral jenere yon lòt 48 milyon dola nan nouvo resous pou gouvènman konte yo ki deyò Vil New York.

Ogmante Finansman ak Ekite pou Edikasyon: Yon ogmantasyon plis pase 1 milya dola nan asistans pou edikasyon pral pote finansman edikasyon total yo rive yon nivo rekò 27.9 milya dola, ak plis pase 70 pousan finansman ki ogmante ki pral jwenn distri ki pi pòv yo. Distri eskolè yo pral gen obligasyon pou yo rapòte jan yo bay finansman ki apwopriye pou kèk lekòl.

Mete Sou pye Finans Kanpay Piblik: Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an ap etabli yon komisyon finansman piblik ki pral gen pouvwa kontrenyan pou mete sou pye finansman kanpay piblik pou biwo lejislatif ak biwo atravè Eta yo, ki ap otorize jiska 100 milyon dola chak ane nan fon piblik yo. Komisyon an pral detèmine aspè espesifik

sistèm finansman piblik lan, ansanm ak limit pou elijibilite yo, limit finansman piblik yo, ak limit kontribisyon yo pou kandida ki ap patisipe yo. Yo pral gen pou revele dekouvèt komisyon an nan yon rapò ke yo ap bay anvan dat 1ye Desanm 2019, epi yo pral kontrenyan amwens ke yo modifiye pa lwa a nan yon delè 20 jou.

Kodifye Lwa sou Swen Abòdab lan (Affordable Care Act, ACA) ak Echanj Sante a pou Vin Lwa: Pandan Washington ap kontinye menase detwi pwogrè istorik ke nou te fè ak Lwa sou Swen Abòdab lan, kodifikasyon pwovizyon ACA kle yo ak Echanj Sante Eta New York lan (New York State Health Exchange) pou vin lwa pou asire ke kèlkeswa sa ki rive onivo federal, pwovizyon kle sa yo pwoteje nan Eta New York.

Entèdi Itilizasyon Sachè Plastik yo: Bidjè yo Adopte a gen ladan pwojè lwa pou entèdi sachè plastik ke yo itilize yon sèl fwa yo ke yo te bay kliyan yo epi pèmèt konte ak vil yo fè tranzisyon nan yon frè senk santim sou sachè papyè yo, ak 40 pousan revni ki ap sipòte pwogram lokal yo pou ka achte sachè ke yo ka reyitilize pou konsomatè ki gen revni fèb ak revni fiks yo, ak 60 pousan revni ki ap sipòte pwogram ki nan Fon Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Fund) Eta yo.

Fè Vanse Kalandriye Fanm yo: Bidjè yo Adopte a egzije kouvèti asirans pou fètilizasyon nan vit yo ak konjelasyon ze yo, li etabli pwoteksyon baryè kont vyòl yo pou viktim trafik seksyèl yo, refòm sou kondisyonabri pou vyolans domestik yo, epi li ap investi 26 milyon dola nan swen pou timoun yo pou kenbe nivo mache a pou distri ki deyò Vil New York yo.

Elaji Pwoteksyon Janus yo: Bidjè yo Adopte a ap bay nouvo pwoteksyon pou sendika sektè piblik yo epi li ale pi lwen nan elaji pwoteksyon Janus yo pou tout gouvènman lokal yo ki nan New York epi nan garanti dwa pou yo òganize yo epi negosye yon fason kolaboratif.

Adopte Kalandriye Demokrasi a: Li ap ajoute sou refòm vòt ke yo te adopte pandan 10 premye semèn yo nan sesyon lejislatif lan, pwojè lwa adisyonèl ki ap egzije twa èdtan lib ke yo peye pou tout moun New York yo ka al vote nan Jou Eleksyon yo, li ap adopte enskripsyon elektè yo sou entènèt, finansman pou liv sondaj elektwonik yo, epi li ap elaji orè pou moun vote yo nan rejyon nò a pou kòmanse a 6 a.m. ke yo ap adopte nan kad bidjè ane sa a, epi li gen ladan 10 milyon dola pou vòt antisipe yo.

Investi nan Dlo Pòtab Ki Pwòp: Bidjè pou Ane Fiskal 2020 an pral investi yon 500 milyon dola adisyonèl nan enfrastruktir pou dlo pwòp yo, ki ap ajoute sou investisman 2.5 milya dola istorik Eta a.

Elaji Elijibilite pou Pwogram Frè Ansèyman Gratis Bous Etid Excelsior a (Excelsior Scholarship Free Tuition Program): Pandan ke pwogram frè ansèyman gratis ki reyisi nan Eta a ap antre nan twazyèm ane li, etidyan SUNY ak CUNY yo ke fanmi yo ap touche jiska 125,000 dola chak ane yo pral kounye a kalifye pou aplike nan inivèsite ki gen frè ansèyman gratis yo.

Regilarize Limouzin yo: Li ap adote nouvo règleman pou endistri limouzin nan ki ap fè li vin yon enfraksyon klas E lè yon moun an tout konesans yo ap fè fonksyone yon limouzin kote fonksyonman sa a ka lakòz lanmò yon lòt moun, sa ki ap kreye sanksyon sivil ki entansifye - ansanm ak pi gwo amann - poutèt yo ap fonksyone san pèmi

fonksyònman Depatman Transpò Eta a oswa vyole règleman sekirite DOT yo. An plis, Lapolis Eta a ansanm ak DOT pral gen nouvel otorite pou rebran lisans machin yo lè limouzin yo pa an konfòmite ak lalwa. Depatman Veyikil Motorize a (Department of Motor Vehicles, DMV) pral kapab refize epi revoke anrejistreman pou limouzin yo ki pa reponn a estanda sekirite federal yo. Si yon veyikil ki pa gen otorizasyon ap chèche fè yon enspeksyon nan yon estasyon enspeksyon ki gen lisans, estasyon enspeksyon an pral gen egzijans kounye a pou yo rapòte veyikil sa a bay DMV. Yo pral sispann sètifika fonksyònman pou nenpòt estasyon enspeksyon ke yo dekouvri ki pa't byen bay enspeksyon yo pandan twa fwa nan yon peryòd 18 mwa. Yo pral entèdi limouzin ki long anpil yo vire an won. Yo pral egzije veyikil komèsyal ki gen yon kapasite pou gen ywit plas oswa pi plis pasaje yo pou yo pote plis asirans pou omwen 1.5 milyon dola nan kouvèti asirans yo.

Fè Lwa DREAM Jose R. Peralta a vin yon Reyalite: Adopte pou premye fwa pa Kò Lejislatif lan nan kòmansman ane sa a, Bidjè yo Adopte a ap mete sou pye epi finanse totalman Lwa DREAM Jose R. Peralta a pou 27 milyon dola.

Sipòte yon Kontaj Resansman Ki Konplè: Bidjè ane sa a ap otorize jiska 20 milyon dola pou Ane Fiskal 2020 an pou efò sansibilizasyon ak edikasyon yo pou asire ke yo konte tout moun New York yo nan kad resansman an.

Asire Pwoteksyon Sous Revni yo: Moun New York ki ap resevwa kèk fòm sous revni legal ansanm ak revni ki pa salè oswa sibvansyon yo pral jwenn pwoteksyon kounye a kont diskriminasyon nan lojman yo. Tout moun New York yo, ki genyen ladan men ki pa limite a, kèk sivivan vyolans domestik, veteran, ak moun ki andikape yo pral kapab depoze plent nan Divizyon Dwa Moun Eta New York lan (New York State Division of Human Rights) si yo te sibi diskriminasyon akòz sous revni legal yo.

Renouve Finansman Rekò pou Fon Pwoteksyon Anviwònmanal la: Bidjè yo Adopte a gen ladan finansman rekò 300 milyon dola, ki se pi wo nivo finansman nan istwa pwogram nan.

###

Lèt nouvel disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)